

REYINYON K AP VINI	JANVYE	FEVRIYE	MAS	AVRIL
KOMITE EGZEKITIF MPO RANKONTRE NAN PREMYE JEDI A 9:30 A.M.	PA GEN REYINYON	2	2	6
ORGANISATION PLANIFIKASYON METROPOLITEN BROWARD (MPO) RANKONTRE CHAK DEZYÈM JEDI A 9:30 A.M.	PA GEN REYINYON	9	9	13
KOMITE KONSILTIATIF TEKNIK (TAC) RANKONTRE CHAK KATRIYÈM MÈKREDI A 2:30 P.M.	25	22	22	26
KOMITE KONSILTIATIF SITWAYEN (CAC) RANKONTRE CHAK KATRIYÈM MÈKREDI A 6:00 P.M.	25	22	22	26
KOMISYON KOWÒDINASYON LOKAL NAN LENDI A 1:30 P.M.	23	PA GEN REYINYON	PA GEN REYINYON	17

\*Dat yo chanje akòz jou konje oswa konfli

Tout reyinyon yo ap fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon MPO Broward, Swit 850, nan imèb Sant Komès Sid la (Trade Centre South). Yo mande patisipasyon publik la san konsiderasyon ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, reliyon, andikap oswa estati fanmi. Moun ki bezwen akòmodasyon espesyal anba Lwa Ameriken ki Andikape (ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org). Si ou gen pwoblèm pou tande, rele 1 (800) 273-7545 (TDD).

Pou plis enfòmasyon sou pwochen reyinyon yo, pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa civil oswa diskriminasyon; oswa pou demann espesyal anba Lwa ADA a, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisyen Enfòmasyon Publik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org)**.

Volim 16 | Edisyon No. 48 | 4èm Trimès 2016

**ÈSKE W TE  
KONNEN?**

Transpò nan Konte Broward (BCT)  
la gen ladann 351 wout fiks pou  
bis epi 184 para-transpò machin ki  
kouvri 15 milyon mil chak ane.



DEPLASE MOUN, KREYE TRAVAY, RANFÔSE KOMINOTE YO

## SELEBRE KOMINOTE SIBVANSYON TIGER A

Mèsi tout moun ki te patisce nan sondaj konsènan bilten MPO al Rezilta yo montre majorite nan lektè yo prefere resevwa bilten an pa mwayen elektwonik. Kòmanse ak edisyon Mas 2017 la, bilten an ap disponib sèlman sou fòm elektwonik, epi n ap livre li nan bwat resepsyon imèl ou. Si ou poko ap resevwa vèsyon bilten elektwonik sa a, tanpri voye yon demann pa imèl nan [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org) pou vèsyon elektwonik la.

## SELEBRE KOMINOTE TIGER GRANT LA

Mèkredi, 19 Oktòb, manm kominote, anplwaye Broward MPO, patnè ajan yo, ak manm Delegasyon Kongregasyon nan Sid Florid yo ap reyini ansanm nan C-13 Canal/Lauderdale Lakes Greenway pou selebre sibvansyon yo te bay pou Envestisman pou Transpò k ap Jenere Rekiperasyon Ekonomik (TIGER) Broward MPO pou Konplete Pwojè Lari yo. Vil Oakland Park ak Lauderdale Lakes sèvi kòm ko-animate yo.

Moun k ap pale yo gen ladann Reprezantan Etazini Alcee Hastings, Mario Diaz Balart, Debbie Wasserman Schultz, Frederica Wilson ak Ted Deutch, epi tou Majistra Lauderdale Lakes Barrington Russell ak Majistra Oakland Park Tim Lonergan.

Nan Evènman sa a, manm Delegasyon Kongresyonèl la ap felisite MPO a paske li te resevwa Sibvansyon TIGER a, epi mete aksan sou enpòtans nan fon nan amelyorasyon pou bisiklèt ak pyeton yo Nan reyon Broward la. Ofisyèl ki chwazi yo ki te pale menm tou mete aksan sou amelyorasyon koneksyon ant lekòl, sant travay, epi katye pou bisiklèt ak pyeton yo soti nan Sibvansyon TIGER a.

Grant \$19.1 milyon soti nan Depatman Transpò Etazini ap ede amelyore anviwònman nan Konte Broward la pou bisiklèt ak pyeton yo nan vil Fort Lauderdale, Lauderdale Lakes, Oakland Park, ak Pompano Beach. Pwojè yo gen ladann enstalasyon wout pou bisiklèt, nouvo twotwa ki konfòme ak ADA, limyè pou pyeton ak machin, epi amelyorasyon peyizaj la.

Pou aprann plis sou Sibvansyon TIGER Broward MPO a, tanpri vizite: <http://browardmpo.org/index.php/current-projects-studies/tiger-grant-2016>



- **MESAJ SOTI DE PREZIDAN**
- **ANREJISTREMAN LARI SAN DANJE**
- **EVÈNMAN ZÒN TRANKIL**
- **MIZAJOU SOU AKSYON PLAN SOU SEKIRITE BISIKLÈT/PYETON**

KISA KI ANNDAN AN



KOMISÈ  
RICHARD BLATTNER  
PREZIDAN, BROWARD MPO  
VIL HOLLYWOOD, DISTRIK 4

## MESAJ PREZIDAN AN

Anpil nan nou konnen, nan Jou Eleksyon an, elektè Konte Broward yo pa te fè pase pwopozisyon pou monte taks sou vant payon pyès lajan pou peye pou transpò ak pwoblèm sou enfrastriktiyo. Pwopozisyon pyès lajan taks sou vant la t ap monte yon estimasyon de \$310 milyon nan premye ane a, epi \$12.4 bilyon pandan 30 ane. Fon sa yo t ap peye pou transpò enpòtan ak envestisman nan enfrastrikti nan tout Konte Broward la. Nou vle di tout patnè nou yo mèsi, espesyalman 31 minisipalite yo nan Broward la epi Gouvènman Konte Broward la pou tout travay ak efò yo nan edikasyon rezidan nou yo sou inisyatif taks sou vant yo.

Malgre rezulta sa a, Broward MPO ap kontinye konvèrsasyon fon pou sistèm transpò a ki kontinye fè Broward la bouje, ki asire sekirite, opsyon ki rann li fasil pou tout rezidan ak vizitè yo nan rejon nou. Tankou lòt kote nan konte a, la devlopman ekonomik nan konte a depann sou yon sistèm transpò ki mache byen. Dapre Asosyasyon Transpò Ameriken Piblik (APTA) a, chak \$1 ki investi nan transpò piblik jenerapeprè \$4 retou ekonomik. Opsyon pou agrandi transpò altènatif yo ap kontribye nan sante nan kominote a pou lontan nan ofri moun yon altènatif nan chita nan trafik, epi ap bay lòt opsyon pou moun ki pa gen machin pou yo jwenn alantou.

Menmsi efò pou taks sou vant yo pa pase, Broward MPO a pran angajman pou travay ak patnè yo pou asire yon finans dirab pou lontan pou rezo transpò nou. Nou toujou genyen anpil bezwen nan rejon nou yo, epi se pou nou travay pou idantifye fon yo pou peye pou pwojè sa yo. Pandan Angajman 2040, Plan pou Transpò Long Range (LRTP) Broward MPO a, bay fon pou plispase \$2 bilyon dola la vale pwojè transpò nan Plan Depans Posib la, ki menm tou idantifye plispase \$1 bilyon dola nan pwojè yo ki san fon. Malgre defi sa a, se pou nou jwenn yon jan pou pouse pwojè sa yo ki san fon. Nan Speak Up Broward la ak lòt inisyatif yo, Broward MPO pral kontinye konvèrsasyon avèk rezidan yo sou fon pou transpò nou vle nan tan k ap vini yo. Rete Tann. Pou aprann plis sou Angajman 2040 la, vizite nou nan: <http://www.browardmpo.org/index.php/lrtp-overview>.

## Lari San Danje Anyèl 2017 Anrejistremman Somè Ouvri!

Nan 26 ak 27 Janvye, planifikatè transpò, ofisyèl ki chwazi yo, defansè Lari Konplè yo, epi manm nan kominote a ap reyini ansanm pou 4yèm Anyèl Somè Lari San Danje. Somè ane sa a ap fèt nan Vil Sunrise la, nan Sant Sivik Sunrise la (10610 West Oakland Park Boulevard). Se premye ane nou pral prezante evènman sa a tankou yon evènman reyonal pa Broward, Miami-Dade, epi Palm Beach MPOs. Somè Lari San Danje se premye evènman edikasyon Lari Konplete nan Sid Florid la, epi ki angaje nan bay moun fòmasyon ak konpetans ki bezwen aplike Lari Konplete a nan kominote yo. Pou anrejistre, tanpri vizite: [www.safestreetssummit.org](http://www.safestreetssummit.org).




Ou enterese sipòte? Tanpri Vizite [www.safestreetssummit.org/sponsorship](http://www.safestreetssummit.org/sponsorship)

## BROWARD MPO AP KRAZE BETON NAN ZÒN TRANKIL NAN OAKLAND PARK

Nan 14 Novanm, manm Kowòdinasyon Broward MPO yo, reprezantan ki soti nan Vil Oakland Park la, epi Brightline ap selebre kòmansman konstriksyon zòn trankil la nan Broward nan NE 38th Street ray tren nan Oakland Park.

Sa se youn nan kote tren yo travèse ke yo pral amelyore sou bò Ès nan Florid la ki bò wout tren a ak amelyorasyon enfrastrikti ki nesesè pou aplike yon zòn trankil ant vil Hallandale Beach ak Deerfield Beach yo.



## FÒMASYON POU SIBVANSYON AN

Broward MPO ap ofri fòmasyon pou sibvansyon, yote kreye pou bay enfòmasyon ak zouti pou ekri yon pwopozisyon pou sibvansyon ak siksè. Memm si ou vle ekri yon pwopozisyon pou sibvansyon, sibvansyon pou prim yo, dirige sibvansyon yo oswa kreye yon touche revni konsa ou pa depann sou sibvansyon yo, fòmasyon sa a ap ede w. Fòmasyon yo ap fèt 27 Fevrive jiska 3 Mas nan ofis Broward MPO a, ki nan 100 Cypress Creek Road nan Fort Lauderdale. Pou anrejistre, tanpri vizite: [www.tgci.com/trainings/ft-lauderdale-competing-federal-grants-february-2017](http://www.tgci.com/trainings/ft-lauderdale-competing-federal-grants-february-2017).

## EDIKASYON AK SANSIBILIZASION

### JOU KARYÈ NAN KONSTRIKSYON 2016



Ap konstwi sou patisipasyon anvan yo, anplwaye Broward MPO yo ankò, ap patisipe non Jou Karyè Konstriksyon 2016 la nan Bergeron Rodeo Grounds nan Davie 25 ak 26 Oktòb. Anplwaye MPO itilize StreetMix lojisyèl pou aprann etidyan yo sou Lari Konplete epi enpòtans nan konsepsyon lari ki san danje pou tout moun ki itilize wout la. Plisphase 500 etidyan vizite Laboratwa pou Aprann nan MPO a pandan yon evènman pou de jou. Patnè nou yo jwenn avèk nou pou ede nou ak Laboratwa pou Aprann, ki gen ladann manm ki soti nan Konferans Ofisyèl Transpò pou Minorite yo (COMTO) epi Seminè pou Transpò pou Fanm (WTS).

## MIZAJOU: PLAN AKSYON SOU SEKIRITE BISIKLÈT/PYETON



Rapò 2014 Danjere pa Konsepsyon, pibliye pa Kowalisyon Lari Nasional Konplete, konsantre sou pwoblèm sekirite pou rezidan Broward yo ki mache oswa monte bisiklèt. Etid la di konsa, rejon Broward-Miami-Dade yo te 4yèm nan zòn ki pi danjere nan konte pou moun ki monte bisiklèt epi pyeton yo. Nan pati efò pou diminye aksidan bisiklèt ak pyeton nan rejon a, Broward MPO ak travay di pou fè Faz Youn nan Aksyon Plan pou Sekirite Bisiklèt ak Pyeton. Depi efò a kòmanse nan kòmansman 2016 la, ekip la fè yon revizyon konplè de tout aksidan bisiklèt ak pyeton yo nan dènye senk an yo nan rejon Broward la, idantifye senk zòn kote aksidan plis rive, epi fè yon vizit nan zòn yo pou yo fè yon sondaj anviwònan bisiklèt ak pyeton a. Nan pwochen mwa yo, ekip defansè

Rantre nan konvèrsasyon sou transpò a nan Broward! Rete konekte epi swiv nou:



**RETE KONEKTE. PATISIPE.**



SIT ENTÈNÈT: [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)

FACEBOOK: [www.facebook.com/SpeakUpBroward](https://www.facebook.com/SpeakUpBroward)

TWITTER: [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](https://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)

LINKEDIN: [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](https://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)

YOUTUBE: [www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0](https://www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0)

INSTAGRAM: [www.instagram.com/speakupbroward](https://www.instagram.com/speakupbroward)

SWIV NOU